



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN SISTÈM ELIMINASYON NITRIMAN BIYOLOJIK 19.6 MILYON DOLA NAN IZIN TRETMAN DLO IZE BAY PARK

Nouvo sistèm lan operasyonèl kounye a epi elimine 40 pousan azòt total nan dlo ize

Se finansman èd piblik federal ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans Eta a administre ki finanse pwojè a

Achèvman pwojè a make yon etap enpòtan nan inisyativ rezistans bè oksidantal yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvman nouvo sistèm Eliminasyon Nitriman Biyolojik 19.6 milyon dola Izin Tretman Dlo Ize Bay Park la -- youn nan amelyorasyon anviwònmantral ki pi enpòtan pou izin lan depi li te kòmanse fonksyone nan ane 1949. Sistèm lan aktyèlman fonksyonèl ak elimine plis pase 40 pousan azòt total nan dlo ize a, sa vle di gen 5,000 liv azòt anplis ki p ap devèse ankò nan Kanal Reynolds. Sa p ap sèlman amelyore kalite dlo pou lapèch, natasyon ak lòt aktivite rekreyatif, men ofri tou pi gwo pwoteksyon pou plizyè milye pwopriyetè kay nan Riv Sid la ki konte sou marè sale yo nan Bè Oksidantal yo pou aji tankou baryè kont onn tanpèt yo epi diminye inondasyon.

"Nouvo ajou sa a nan enfrastrikti dlo ize a se yon lòt egzanp Eta New York pa sèlman ap rekonstwi pi byen avèk solisyon ki pa sèlman pwoteje sante nou men tou resous natirèl presye nou yo ak pèmèt ekonomi nou an grandi", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Amelyorasyon nan izin Bay Park la pral ede anpeche polisyon azòt degrade zile marekaj yo, touye bèt sovaj ak andomaje ekosistèm frajil ki enpòtan pou rezistans ak avni ekolojik Long Island."

Pandan ke azòt ak fosfò se pati natirèl nan ekosistèm akwatik yo, twòp nan nenpòt la ka polye dlo a ak lakòz gwo risk pou anviwònman ak sante moun, ki gen ladan pwoliferasyon alg, lanmò pwason ak pèt zòn imid pwotektris. Teknoloji Eliminasyon Nitriman Biyolojik la itilize dènye teknoloji denitrifikasyon ak rediksyon pou elimine azòt ak fosfò nan dlo ize.

Gras ak finansman Asistans Piblik FEMA 19.6 milyon dola ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services) administre, izin lan te amelyore pou pèmèt izin lan fonksyone nan

mòd BNR oswa BNR Nivo 1 pou fasilite eliminasyon azòt. Pwojè a gen ladan enstalasyon melanjè, volè ak pano direksyon ekoulman yo (ke yo rele tou deflektè) ak yon sistèm labou aktive ak dechè sou sifas. Travay sa egzije sèvis sivil, estriktirèl, mekanik, enstrimanasyon ak achitekti pou reyalize travay elektrik, chofaj, vantilasyon, klimatizasyon, plonbaj, demolisyon ak eliminasyon debri. Pandan ke faz demaraj la ap pouswiv rive nan fen 2020, izin lan pral kontinye optimize pwosesis rediksyon nitriman yo. Izin lan aktyèlman trete 50 milyon galon pa jou dlo ize an mwayèn pou plis pase demi milyon rezidan Konte Nassau.

Senatè Ameriken, Chuck Schumer te deklare, "Gwo tanpèt Sandy a te anvayi ansyen izin dlo ize Bay Park la epi te mete plizyè dizèn milye pwopriyetè kay, biznis ak tout Back Bay nan Nassau a risk pou polisyon ak kontaminasyon masif, epi se poutèt sa mwen te batay tèlman pou bay sibvansyon 800 milyon dola FEMA a pou rekonstwi ak modènize li. Lè enstalasyon tretman dlo ize a te echwe, se te yon siyal alam sou nesosite pou bay finansman federal rapid pou rekonstwi ak modènize Izin Tretman Dlo Ize Bay Park la pou anpeche dezast alavni. Nou te sekirize plis pase 800 milyon dola nan FEMA pou efò sa a, epi jodi a, nou wè egzakteman kijan yo te itilize dola sa yo pou redui anpil polisyon azòt nan Back Bay ak pwoteje pwopriyetè kay Nassau yo alavni".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Konte Nassau ap pran mezi imedyat pou ede prezève anviwònman nou an, ansanm ak sante ak sekirite vwa navigab ak rezidan nou yo. Nivo azòt eksèsif yo te kontribiye nan efondreman ak ewozyon marè yo, ki se resous natirèl ki enpòtan anpil ki ede diminye onn tanpèt pou pa atenn tè a. Pwoteje anviwònman nou se menm bagay tankou pwoteje lakay nou".

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, eta preparasyon New York pou ijans te evolye rapid pou tounen youn nan pi bon nan peyi a, epi yon pati nan siksè sa a se aksan ke eta a te mete pou kontinyèlman ranfòse enfrastruktir nou ak jwenn fason pou diminye risk aktyèl yo. Nouvo enstalasyon sa a se yon egzanp pafè efò sa yo ki mete ansanm. Non sèlman teknoloji yo te deplwaye isit la pou ede kreye yon anviwònman ki pi pwòp, men tou ede prezève tè imid, kay sou rivaj yo pral jwenn yon nivo pwoteksyon anplis kont inondasyon pandan move tan".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation) Eta New York la, Basil Seggos te deklare, "Amelyore kalite dlo Long Island se te yon reyalizasyon makan pou manda Gouvènè Cuomo, epi nou deja ap wè benefis amelyorasyon izin tretman dlo sa a ki pral asire sante anviwònman Long Island ak dirabilite ekonomi li an. Mwen fyè pou travay DEC akonpli epi aplodi patnè eta, konte ak federal li yo ki te travay ansanm pou rann pwojè enpòtan sa a tounen yon reyalite".

Pwojè sa a jwe yon wòl enpòtan tou nan Inisyativ Rezistans Bè Oksidantal yo - yon gwoup pwojè enpòtan sou rediksyon azòt pral amelyore kalite dlo ak rezistans kont tanpèt nan travay ansanm youn ak lòt. Pwojè sa yo gen ladan konstriksyon sèvis piblik pou fasilite Pwosesis Dezamonifikasyon Segondè, ki pwograme pou fini nan desanm

2021, ansanm ak pi gwo Pwojè Transpò Bay Park, ki pwograme pou kòmanse nan bonè ane pwochèn.

Pwojè Transpò Bay Park la gen ladan achemine dlo trete ki sòti nan Izin Tretman Dlo Ize Bay Park atravè akedik 13 km ki pa itilize ki sitiye anba Otowout Sunrise pou ale nan tiyo devèswa oseyan Cedar Creek, ki pwolonje anviwon 5 km depi riv sid Long Island rive nan Oseyan Atlantik. Pwojè a se fonman inisyativ la epi, lè li fini, ap elimine 75 a 90 pousan azòt ki sòti nan Izin Tretman Dlo Ize Bay Park ki ale nan Kanal Reynolds ak Bè Oksidantal yo.

Adrienne Esposito, Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman (Citizens Campaign for the Environment), te deklare, "Plizyè deseni polisyon ki lakòz domaj depi nan izin tretman dlo ize Bay Park la te epwize oksijèn, diminye lapèch ak andomaje marè litoral yo nan Kanal Reynolds ak Bè Oksidantal yo. Gwo envestisman pou itilize teknoloji avanse a pou redui azòt nan izin Bay Park la pral benefik pou tout rezidan sou riv sid nan Konte Nassau. Nou remen bè nou yo, epi bè ki pi pwòp vle di kominote ki pi kontan ak pi an sante. Nou kontan pou pwogrè nan Bay Park la epi pa ka tann jou pou wè devèsman trete a redirije nan tiyo devèsman oseyan an ki egziste a nan izin tretman dlo ize Cedar Creek la. CCE aplodi Konte Nassau ak Suez pou angajman yo nan amelyore izin sa a, pwoteje dlo marin nou yo ak restore Bè Oksidantal yo".

Prezidan Operasyon Splash, Rob Weltner, te deklare, "Kòm nou antoure ak dlo, li rekonfòtan anpil pou konnen ke lidè gouvènman nou yo ap travay pou pèmèt avni fanmi nou yo ak bèt sovaj nou yo san danje ak sekirize. Sa se bon nouvèl pou nou tout".

Vis Prezidan ak Direktè Jeneral Suez Water Long Island, Kevin Chandler, te deklare, "Direktè Konte Curran te konfye nou travay pou pwoteje ak ranfòse anviwònman konte a 24/7 epi nou pran responsablite sa a oserye anpil. Nouvo sistèm BR sa a, ki aktyèlman depase atant pèfòmans yo, se yon gwo etap pou redui chaj azòt nan Bè Oksidantal yo. Redui azòt la pral ede ekosistèm frajil nou an rejenere epi pral pèmèt lapèch ak lapèch kokiyaj tounen posib ansanm ak ranfòse marè yo ki ede pwoteje rivaj nou yo pandan tanpèt. Teknoloji sa a, ak inovasyon ki sanble yo, pral kontinye ede nou respekte misyon Konte a pou itilize enstalasyon tretman dlo ize yo pi pwòp, pi entèlijan ak pi byen".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)